Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 12 (6644) 11 март 2019 с. Итни Ражаб 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Архивалъул хIалтIухъанасул къо

**10 март ккола архивалъул хIалтIухъанасул къо. 1720 соналъ Петр ТIоцевесес тарихалда жаниб тIоцебе гъулбас гьабуна «Генералияб регламент яги Устав» абураб цIаралда гъоркь пачалихъияб кIваралъул документалда. ГIуцIана архив, гьенир цIунизе байбихьана кIвар бугел документал, рес кьуна бокьараб заманалда пайда босизе документал цIунулеб хIал гIуцIизе.**

**РакI-ракIалъ баркула Бакълъулазул районалъул архивалъул хIалтIухъаналда махщалилаб байрам. Гьарула сахлъи, рохел, хIалтIулъ бергьенлъаби.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Лъайкьеялъул, электромухъал басралъиялъул, лъим бачиналъул, нухал къачIаялъул суалал рорхана

### Бакълъулазул районалъул Кунзахъ ва ЧIикь росабалъ гIадамал къабул гьаруна

**Гьал къояз «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев дандчIвана росабазул гIадамалгун, гьел тIаде къабул гьаруна, гьезул хIажалъабазухъ гIенеккана ва абуна бажарарабщинаб гьабизе бугин росабазул гIадамаз цере лъурал масъалаби тIураялъе.**

ХIалтIулаб сапаралда муниципалитеталъул бетIерасда ва депутатасда цадахъ рукIана районалъул администрациялъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудинов, депутатасул кумекчагIи ГIалихан Бегаев, ГIали ГIумархIажиев, «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ва цогидалги.

ГIадамаз рорхулел рукIана АПК, лъайкьей, сахлъи цIуни, энергетикияб бутIа церетIезариялъул, росабалъе лъикIал шагьранухал гьариялъул, лъедалъун хьезариялъул ва цогидалги суалал.

Районалъул бетIер ва республикаялъул парламенталъул депутат 5 марталъул радал щвана «Сельсовет “Игалинский”» АСПялде гъорлъе кколеб Кунзахъ росулъе. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул промышленносталъул ва энергетикаялъул рахъалъ подкомитеталъул председатель НурмухIамад ГIалиев щвана Кунзахъ аслияб школалде, фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктalde, маданиябгун хIухьбахъиялъул централде ва цогидалги бакIазде.

Хадуб маданиябгун хIухьбахъиялъул централда гIадамал къабул гьари гIуцIана. Кунзахъез районалъул бетIерасда ва депутатасда гьарана 4 км. манзилалда цIияб лъим бахъизе кумек гьабеян. Рорхана нухазе ремон гьабиялда, пенсиял кьеялда, мугIалимазе харжал цIикIкIинариялда, Цогояб пачалихъияб ихтияразул реестралдаса выпискаби щвей хехлъизабиялда хурхарал ва цогидалги суалал. Кунзахъезе бокьун бугоан росулъ лъималазул ах баялъул хIалтIи ахиралде щвезабизеги.





«Нижеца хIисабалде босун буго Кунзахъ аслияб школа республикаялъулаб «150 школа» программаялда гъорлъе ккезабизе. Гьединго кумек гьабила лъималазул ахалъе мина бан лъугIизабизеги, лъел суал тIубазабизеги. Гьанир рехсарал киналго суалал дир хъаравулълъиялда рукIине руго»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Депутат НурмухIамад ГIалиевас бухьен ккуна ДРялъул рохьил магIишаталъул рахъалъ комитеталъул председатель ГIалибег ХIажиевасулгун, кунзахъез борхараб ракьул суалалда хурхун. Гьев гьединго кIалъана гIадамазул гьариял тIураян республикаялъул цогидал нухмалъулезухъеги.

ГIадамал къабул гьарулеб заманалда кIалъазе вахъана Игьали росдал поселениялъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, Кунзахъ росдал гIадамал.

Къалъудаса хадур районалъул бетIер ва депутат хIалтIулаб сапаралъ ана ЧIикь росулъе. Гьел щвана росдал администрациялде, ЧIикь аслияб школалде, клубалде ва цогидал объектазде. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна «Село Читль» росдал поселениялъул бетIерасул заместитель МухIамад МухIамадовас, аслияб школалъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас ва цогидазги.

ЧIикьдерица цере лъуна электромухъал басралъун рукIиналъул ва токалъул къуват дагьаб букIиналъул, лъим гIолеб гьечIолъиялъул, нухал гвендахарал рукIиналъул, школалда хинлъиялъул система цIи гьабизе ккеялъул, гьенир цIулал гордал пластикаялъулаз хисизе хIажат букIиналъул масъалаби.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов кIвар кьун гIенеккана гражданазухъ ва рагIи кьуна росдае ресалда рекъон кумек гьабизе, гьенир церетIеял рукIинелъун программаби ва проектал гIумруялде рахъинаризе.

Депутат НурмухIамад ГIалиевас жиндирго рахъалъан рагIи кьуна чIикьдерил масъалаби республикаялъул нухмалъиялда цере лъезе ва тIуразе кумек гьабизе.

Бихьизабизе ккола, чIикьдерица къватIазде бетон тIун буго, гIемер тIоритIула субботникал, гIадамаз ургъел гьабулеб буго тIабигIат цIуниялъул. Тарихалда бицен буго ЧIикь имам Шамилил туснахъ букIанин, чIикьдерица гьеб букIараб бакI бихьизабула гьалбадерида ва хIисабалде босун буго туристазул маршруталда гьоркьобе гьеб объек тбачине.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



2019 соналъул программаялде -анлъго школа, газ бачин, 16 эбелалъе - сертификат...

-2 гьум.



13 школалдаса- 30 цIалдохъан

-2 гьум.



Дагъистаналъул хIукуматалдасан кумек гьарун, кагъат битIана

-3 гьум.



19 батIияб цIайиялъул 172 гугарухъан

-3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# 2019 соналъул программаялде – анлъго школа, газ бачин, 16 эбелалъе – сертификат...

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана «150 школа» программа тIубазабиялъул суалгун данделъи

**4 марталда муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана республикаялъулаб «150 школа» программаялда гьоркьоре районалъул лъайкьеялъул учреждениял рачиналъул ва цогидаги кIвар бугел суалалгун данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, районалъул администрациялъул аппаратальул хIалтIухъаби ва цогидаги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Муниципалитеталъул бетIерас абуна жамгIияб гIумруялъулъ лъай босиялъул кIудияб кIвар бугин ва районалъул администрациялъул хIаракатчилъиялъулъ бищун кIвар бугел масъалабазул цояблъун лъайкьеялъул бутIа цебетIезаби кколин. «Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул кIиго учреждениялъул минаби цIи гьарун къачIана, Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевас лъикIаблъун рикIкIараб республикаялъулаб «100 школа» программаялда рекъон. Игьали гьоркьохъеб школалъул минаялда цIияб тIох лъуна. 90 сон цебеккун бараб МелъелтIа аслияб школалъул минаялъе капиталияб ремонт гьабуна. Гьебго программа халат бахъинабун буго 2019 соналдаги ва нижеца планалде босун буго районалъул 6 школа гьелда гьорлъе ккезабизе,»-ян бицана ХIажимурад МухIамадовас.

Федералияб казначействоялъул управлениялъул Гумбеталда бугеб №19 отделениялъул нухмалъулев АхIмад Мансуровас тIадчIей гьабуна финансовиял операциял гьарулаго дандчIвалел захIмалъабазда, ракIалде щвезабуна гIунгутIаби риччани законалда цебе жаваб къезе кколеблъи.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ГIалхIат Жамалудиновас абуна социалияб пенсиялъул индексация гьабунин, гьаб соналъул февраль моцIалъ эбелалъул сертификат 16 чIужугIаданалъе кьунин. Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалда араб анкьалъ муниципалияб ва пачалихъияб хъулухъ гьабун буго 212 гIарзаялда рекъон. Гьединаб баян кьуна гьеб идараялъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

Хасавюрталда тIоритIана ЦIиликь росдал гIолилазда гьоркьор лъедеялъул къецал. Гумбеталъул гIолилазул централъул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна МахIачхъалаялда грантовиял проектал хIадуриялъул семиналалда. ГIолилазул гIуцIабазул хIалтIул хIакъалъулъ бицана Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас. «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул муниципалияб учреждениязул централизованнияб бухгалтериялъул нухмалъулев Гьайирбег АхIмадовас рорхана банкалъулаб системаялъул хIалтIул ва банкоматаз гIадамазе лъикIаб хъулухъ гьабизе ккеялъул суалал.

Районалъул хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГIалиевас бицана бесдал лъималазул тIалаб-агъаз гьабулел, гIуцIулел, гьединго нухазул фондалъул ва цогидаги учреждениязул финансовияб хIаракатчилъиялъул хал гьабунин.

Планалде босун буго Бакълъулазул районалъул тIасияб зонаялъул росабалъе газ бачине. Районалъул администрациялъул архитектураялъул ва бакIал раялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас абуна Данухъ-Аргъвани газил рогIрал рачиналъе ракъул мухъ хIадурулеб бугин, информация кьуна газалъул мухъазда цогидал росабалъ бугеб хIалтIул хIакъалъулъги.

МелъелтIа спортшколалда тIоритIана эркенаб гугариялъул къецал 2002 соналъ гьарурал ва гьездаса гьитIинал лъималазда гьоркьор. Къецал ана « Ниж экстремизмалда ва терроризмалда данде!» абураб ахIиялда гьорк. Къецазда гIахьаллъана 172 гугарухъан. Районалъул школалъимал хIадурлъулел руго ГТОялъул нормаби кьеялде, спорталъулъе цIалел руго руччабиги, 10 росулъ хIалтIулел руго спортивиял группаби. Спортивияб бутIаялда бугеб хIал баян гьабуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас бицана лъайкьеялъул ва маданиял учреждениязул уставал низамалде рачун ругин.

«150 школа» республикаялъулаб программаялда гIахьаллъизе анлъго школалъул документал хIадур гьарулел руго. Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас рехсана лъайкьеялъул гьел учреждениял: ЛъаратIа, ЦIиликь, ЧIиркъатIа, Килалъ, Гьарадирихъ гьоркьохъел школал ва Кунзахъ аслияб школа. Гьеб



проекталда гIахьаллъизе ккола меценатал ва районалъул администрация. Анлъабго школалъе меценатал руго ва хIалтIи гьабулеб буго программаялда гьоркьоре гьел ккезариялъе.

Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда «АхIулгохIалъе гIоло рагъ» абураб кино бихьизабунин, республикаялъул маданият тадбиразул реестралда гьорлъе бачараб лъалъадиялъул рахъил къо ЧIиркъатIа тIобитIиялде хIадурлъи гьабулеб бугин.

Районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас бицана къуватаб гьуригун гIазу бан ккараб кварильи ракIалиде бачиналъе гьабулеб бугеб хIалтIул, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде кьеркьеялъул хIакъалъулъ.

Налогал ракIари, кьищникъул баччиялъул, Чачан Республикаялъулгун гIорхъаби мухIкан гьариялъул, газ бачиналъул, районалъул централияб больница лъедалъун хьезабиялъул ва цогидаги кIвар бугел суалал рорхана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас. Коррупциялда данде кьеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас рехсана декларационнияб кампаниялъул суалазда хурхун семинар тIобитIанин.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас рихьызаруна гIолел гIоларел рахъал, ахIана кIвар кьун, цадахъ рекъон кинало бутIабазда церетIеял щвеялъе гIоло кьеркьезе, халкъалъе хъулухъ гьаби камилго гIуцIизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

РАГIУЛЪ БУГО БАЛЪГОЛЪИ

# 13 школалдаса – 30 цIалдохъан

### «ЧIагояб классика» къецал тIоритIана Бакълъулазул районалъул школлъималазда гьоркьор

**5 марталда Бакълъулазул районалъул администрациялъул актовияб залалда тIоритIана школлъималазда гьоркьор «ЧIагояб классика» къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 13 школалдаса 5-11 классазул цIалдохъабаз. Къецалъул гIахьалчагIаз 2-5 минуталъ бицине ккоолаан школалъул программаялда гьорлъе ккколареб художественнияб асаралдаса кесек (отрывок). Конкурсантазе ихтияр кьуна костюмазда, декорациялдаса ва музыкаялдаса пайда босизе.**

Конкурсалъул жюриялда рукIана: информациялъулгун методическияб централъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов, информациялъулгун методическияб централъул методист Загьид ХIусейнов, курировать гьабулей методист Зарема МухIамадгIалиева, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул ведущий специалист Загьра ГIабдулаева ва Ингишо гьоркьохъеб школалъул мугIалим Анжела ГIабдулкъадирова.

Тадбир рагьана ва бачана информациялъулгун методическияб централъул методист ГIабдула МухIамадовас.

Конкурсалъул гIахьалчагIазде саламалъулал рагIаби абуна информациялъулгун методическияб централъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас. «Школлъималазда гьоркьоб машгьураб буго «ЧIагояб классика». Гьелъ квербакъи гьабула лъималазул цIалуде гьира базабизе, библиотекабазде цIалдохъабазул рокьи бижизе. Максим Горькияс тIехь инсанасе хIажатаб бугилан абуна. ТIехь – гьеб буго лъаялъул ицц. Жакъа нилъ данделъун руго асарал рикIкIунезул конкурсалде. Хадубккунги тIахьал цIали нужеца рехун теларин пикру буго. Россиялъул букIинесеб ккола гIемер цIалдолел ва лъайбугел гIадамал. Гьарула конкурсалъул киналго гIахьалчагIазе бергьенлъаби»,-ян абуна Муса КъурамухIамадовас.

Конкурсалъул хIасилал гьарун 5-7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Игьали гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цIалдохъан Самира ХIажимурадовалъ, кIиабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цIалдохъан ГIашура Абакаровалъ ва ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цIалдохъан Мадина Сулаймановалъ, лъабабилеб бакI Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цIалдохъан Асият МухIамадовалъ ккуна.

8-9 классазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан Макка Ахкубегова, кIиабилеб бакIалъе Ингишо гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан Макка Сайпулаева, лъабабилеб бакIалъе ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан УмахIайбат ГIамиргIалиева мустахIикълъана.



10-11 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Игьали гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат СайгидмухIамадовалъ, кIиабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат МухIамадовалъ ва лъабабилеб бакI ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Асият ГIабдулаевалъ ккуна.

«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас абуна лъималаз тIаса рищун ругин дунялалъул литератураялъул классиказул асараздаса интересал кесекал, рицинеги артистазулаб махщел, авторасул пикру загьир гьабизе гьунар бугоанин.

Конкурсалда бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби ва къиматал сайгъатал. ГIахьаллъарав 30 конкурсантасеги кьуна жиграб гIахьаллъиялъе гIоло грамотаби.

**Хадижат Мазгарова**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# Дагъистаналъул хӀукуматалдасан кумек гьарун, кагъат битӀана

### ЦӀиликь росу газалдалъун хьезабиялъул суалалъул халгьабуна



**Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадов ва Дагъистаналъул хӀукуматалъул председателасул кумекчи Азат Зайнутдинов рорхатал мугӀрузда бугеб ЦӀиликь росулъе щвана.**

Муниципалитеталъул бетӀерас ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухӀамад ГӀалиевасгун цадахъ Дагъистан Республикаялъул хӀукуматалъул Председатель Артем Здуновасда гьарун букӀана захӀматал шартӀазда ругел Бакълъулазул районалъул росабалъ жанисел газил рогӀрал лъей хехлъизабиялъе финансовияб кумек гьабеян. Азат Зайнутдиновас «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасгун цадахъ дандбана гьаб суал, ЦӀиликь газалъул мухъал рачиналъул бугеб хӀалалъул хал гьабуна. Республикаялъул премьерасул кумекчияс бакълъулазе баян гьабуна регионалияб нухмалъиялъухъе хӀажатаб информация щвезабизе ва гьеб суалалда хурхун дандрекъон кколеб хӀукму къабул гьабизе бугин.

«ЦӀиликь росулъ гӀадамаз яшав гьабулеб буго ралъдал гъумералдаса 1900 метралъ борхалъуда. Хасало гьениб цӀикӀкӀараб къадаралда гӀазу бала, гӀоларо энергетикаялъул сурсатазул къуват. Гьел ва цогидал росабалъе тӀабигӀияб газ бачиналъ рес кьезе буго нижер район социалияб экономикияб рахъалъ цебетӀезе. Бакълъулазул район газалдалъун хьезабиялъул суал нижее кӀвар бугебълъун ккола, гьелде кӀудияб хӀажалъи буго. Газ бачине бугезул сияхӀал хӀадур гьарулел руго. Нижеда барабщинаб гьабизе буго тӀабигӀияб газ районалде бачин хехлъизабиялъе»,-ян абуна ХӀажимурад МухӀамадовас.

Бакълъулазул районалъул суалал тӀуразариялъе кӀудияб хӀалтӀи гьабулеб буго ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат, республикаялъул парламенталъул промышленносталъул ва энергетикаялъул рахъалъ подкомитеталъул председатель НурмухӀамад ГӀалиевас. Депутатас избирателазулгун дандчӀваял заманаздаса заманалда тӀоритӀула, тӀаде къабул гьарула гӀадамал, запросал ритӀула регионалияб ва федералияб нухмалъиялъул органазде, гӀагараб район цебетӀезабиялъулъ мустахӀикъаб бутӀа лъола. ГӀалиевас кӀвар буссинабун буго ва жигараб гӀахьаллъи гьабулеб буго районалде тӀабигӀияб газ бачиналъулъ ва электроэнергиялдалъун росаби хьезариялъул даража борхизабиялъулъ.

Бакълъулазул районалъул нухмалъулез Дагъистаналъул хӀукуматалъул председатель Артем Здуновасул цӀаралда кагъат битӀана ЦӀиликь ва Сивухъ росабалъ газалъул жанисел мухъал лъугӀизариялъе кумек гьабеян гьарун.

**«Гумбет» РИО**

РУХӀИЯБ ГӀУМРУ

# Гьаб соналъ гьаризе ругел тадбиразул план хӀадурана

### Бакълъулазул районалда тӀобитӀана ДРялъул Муфтияталъул вакилзабазулгун дандчӀвай

**28 февралалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тӀобитӀана ДРялъул Муфтияталъул Гумбеталда бугеб дагӀваталъул отделалъул хӀалтӀухъабируччабазулгун дандчӀвай.**

ДандчӀваялда гӀахьаллъана районалъул имам Шамил Назиров, ДРялъул Муфтияталъул Гумбеталда бугеб дагӀваталъул отделалъул нухмалъулев МухӀамадрасул МухӀамадов, районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хьарагишиев.

Гьенир гьоркьор лъуна муниципалитеталда гьабулеб бугеб рухӀиябгун лъайкьеялъул хӀалтӀи, хадубккунги жамгӀият рухӀияб, лъикӀаб гӀамал-хасияталъул рахъалъ цебетӀеялъе планал ва мурадал.

Гьел суалазда хурхун кӀалъаял гьаруна Шамил Назировас, МухӀамадрасул МухӀамадовас, МухӀамад Хьарагишиевас. «ГӀолилазе, халкъалъе рухӀиябгун лъикӀаб гӀамал-хасияталъул тарбия кьей киназего гӀаммаб иш ккола. Рес рекъарабщинахъе дагӀваталъул отделалъе кумек гьабизе буго. Кинал рукӀаниги тадбирал тӀоритӀиялъул суалалгун нуж дандбазе рачӀине бегьула»,-ян абуна МухӀамад Хьарагишиевас.

Данделъиялда бахъана районалъул росабалъ маджлисал, конкурсал ва цогидал тадбирал тӀоритӀиялъул план.

Отделалъул хӀалтӀухъаби-руччабазе кьуна баркалаялъул кагътал.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГӀАЛ, МАГӀАРУЛАЛ ЧӀАХЪАГИ

# 19 батӀияб цӀайиялъул 172 гугарухъан

## Районалда тӀоцебесеб бакӀалъе гӀоло къецал

**Бакълъулазул районалъул физкультураялъулгун сахгьариялъул комплексалда тӀоритӀана районалда тӀоцебесеб бакӀалъе гӀоло эркенаб гугариялъул къецал, 2002 ва хадусел соназ гьарурал гугарихъабазда гьоркьор. Гьел къецал тӀоритӀарал рукӀана Афгъанистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тӀубаялъул хӀурматалда, «Ниж экстремизмалда ва терроризмалда данде!» абураб ахӀиялда гъоркь.**



Тадбир рагьиялда гӀахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хьарагишиев, районалъул имам Шамил Назиров, администрациялъул цогидалги хӀалтӀухъаби.

Жиндирго кӀалъаялда МухӀамад Хьарагишиевас тӀадчӀей гьабуна лъималазда, гӀолилазда гьоркьоб спорт цебетӀезабиялде районалда гӀемераб хӀалтӀи гьабулеб букӀиналда. «МоцӀида жаниб районалда тӀобитӀана 500 чи гӀахьаллъараб спортивиябгун халкъияб 5 тадбир. Нижеца хадубккунги рахъ ккезе ва цебетӀезабизе буго физическияб культура. Спорталъ гӀолеб гӀелалъе рухӀияб тарбия щвей гуребги, гьев сахавлъун гӀеялъе, хӀажат гьечӀеб щиналде машгъуллъиялдаса цӀуниялъе кумек гьабула»,-ян абуна МухӀамад Хьарагишиевас.

Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухӀма МухӀамадовас абуна: «Жакъасел къецазда гугаризе вахъунев вуго 19 батӀияб цӀайиялъул 200 гӀан спортсмен. Ахирисеб 10 соналъ районалъул чемпионаллъун рахьине бокьаразул гьеб къадар цониги нухалъ букӀинчӀо. Гьеб хӀужаялъ нилъ рохизарулел, рази гьарулел руго, бихьулеб буго районалда эркенаб гугари цебетӀолеб букӀин».

КӀалъазе вахъарав районалъул имам Шамил Назировасги тӀадчӀей гьабуна спорталъул ва спортсменазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъул бугеб кӀваралда.

Къецазда тӀоцебесеб бакӀ МельелтӀаса, кӀиабилеб бакӀ ЧӀиркъатӀаса, лъабабилеб бакӀ Гъоркь Инхоса командабаз ккуна.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Сведения о доходах, расходах и имуществе

### В Гумбетовском районе провели семинар по вопросам декларационной кампании

**С 1 января 2019 года в Российской Федерации стартовала очередная декларационная кампания.**

В администрации МР «Гумбетовский район» активно идет подготовительная работа, целью которой является своевременное и качественное предоставление сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера за отчетный 2018 год. В рамках реализации мероприятий плана противодействия коррупции в Республике Дагестан на 2018-2020 годы 26 февраля в здании администрации МР «Гумбетовский район» прошел семинар по вопросам декларационной кампании. В нем приняли участие все лица, обязанные предоставлять сведения о своих доходах и расходах, а также – сведения о доходах и расходах членов семьи.



По данному вопросу выступил помощник главы МР «Гумбетовский район» по вопросам противодействия коррупции Нурмагомед Изудинов. В своем докладе он довел до участников семинара все нюансы и разъяснил пошаговую инструкцию по заполнению каждого раздела справки о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера. Были разъяснены отдельные ситуации, возникающие при их заполнении. В своем выступлении Нурмагомед Изудинов подчеркнул: «Особенность декларационной кампании 2019 года в том, что соответствующие справки о доходах должны быть заполнены и предоставлены с использованием специального программного обеспечения “Справки БК”. Помимо этого, помощник главы напомнил о персональной ответственности за непредоставление сведений о доходах, а также предоставление неполных или недостоверных сведений о доходах.

В конце семинара Нурмагомед Изудинов ответил на многочисленные вопросы участников семинара, содержащие конкретные жизненные ситуации. Участникам семинара рекомендовано использовать при заполнении справок о доходах методические рекомендации Минтруда России, которые актуализированы с учетом практики предоставления сведений о доходах в 2018 году. Последний срок подачи деклараций – 30 апреля 2019 года.

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

**от 05 марта 2019 года** РЕШЕНИЕ **№ 03**

### «О проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Чирката»

В соответствии со статьей 36 Федерального закона, от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», на основании статьи 30 Устава МО «Село Чирката» и Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Чирката», утвержденного решением Собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката» от 02.09.2015 №09, Собрание депутатов сельского поселения « Село Чирката»,

РЕШИЛО:

1. Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Чирката».

2. Провести конкурс 05 апреля 2019 года в 10 ч. 00 м. по адресу: Гумбетовский район, село Чирката, ул. Центральная, дом №66, здание администрации села.

3. Разместить Положение о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Чирката» на официальном сайте МР «Гумбетовский район» в сети Интернет (приложение 1).

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 08 марта 2019 года по 28 марта 2019 года.

5. Определить место приема документов по адресу: Гумбетовский район, село Чирката, ул. Центральная, дом №66, здание администрации села, каб. заместителя главы АСП.

6. Назначить от Собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката» половину членов конкурсной комиссии согласно приложению 2 к настоящему решению.

7. Направить копию настоящего решения главе МР «Гумбетовский район» для назначения в установленном порядке членов конкурсной комиссии.

8. Настоящее решение вступает в силу с момента опубликования в районной газете «Гумбет» и подлежит размещению на официальном сайте МР «Гумбетовский район» в сети Интернет.

**И.о. главы сельского поселения**
**Магомедбакиров М.И.**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

### Конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Чирката»

Решением собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката» в связи с досрочным прекращением полномочий главы сельского поселения «Село Чирката» принято решение об объявлении конкурса на замещение должности главы сельского поселения «село Чирката».

1. Дата, время проведения конкурса – 05 апреля 2019 г. в 10 ч. 00 мин.

2. Место проведения конкурса – Гумбетовский район, село Чирката, ул. Центральная, дом №66, здание администрации села.

3. Условия проведения конкурса – приведены в Положении порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Чирката».

4.Срок приема документов:
Дата начала – 08 марта 2019 года.
Дата окончания – 28 марта 2019 года.

5.Место и время приема документов, подлежащих представлению в конкурсную комиссию – Гумбетовский район, село Чирката, ул. Центральная, дом №66, здание администрации села, с 09ч.00м. до 17ч.00м. каждый рабочий день.

6. Перечень документов, необходимых для участия в конкурсе и требования к их оформлению:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения по форме согласно приложению 1 к настоящему Положению.

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющий паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа об образовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) К заявлению, предусмотренному подпунктом 1 пункта 26 настоящего Положения, прилагаются:

копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом.

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к настоящему Положению.

4) согласие на обработку персональных данных согласно приложению 3 к настоящему Положению.

**Администрация сельского поселения «Село Чирката»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### Виды ответственности за незаконное увольнение, в том числе за увольнение работника предпенсионного возраста

**Работодатель самостоятельно, под свою ответственность принимает необходимые кадровые решения (подбор, расстановку, увольнение персонала). Однако это право не может быть использовано произвольно.**

Работодатель вправе расторгнуть трудовой договор с работником при наличии для этого законного основания и соблюдении установленного порядка. В тех случаях, когда трудовой договор с работником расторгнут незаконно, работник подлежит восстановлению на прежней работе. Виды ответственности за нарушение трудового законодательства и иных актов, содержащих нормы трудового права, определены ст. 419 Трудового кодекса РФ (дисциплинарная, материальная, гражданско-правовая, административная и уголовная ответственность).

Так, работодатель, вследствие незаконного расторжения с работником трудового договора, обязан возместить ему неполученный средний заработок (ст. 234 Трудового кодекса РФ). Кроме того, в случае незаконного расторжения трудового договора с работником в его пользу судом может быть взыскана денежная компенсация морального вреда (ст. 237 Трудового кодекса Российской Федерации).

Помимо этого, незаконное расторжение трудового договора с работником может являться нарушением трудового законодательства и иных нормативных правовых актов, содержащих нормы трудового права, влекущим за собой административную ответственность, предусмотренную ч. 1 ст. 5.27 Кодекса РФ об административных правонарушениях.

Необоснованное увольнение отдельных категорий работников, нуждающихся в особой социальной защищенности в сфере труда, может повлечь за собой наступление уголовной ответственности.

Так, необоснованное увольнение с работы лица по мотивам достижения им предпенсионного возраста, как установлено ст. 144.1 Уголовного кодекса РФ, влечет за собой уголовную ответственность в виде штрафа либо обязательных работ.

Стоит отметить, что по одному и тому же факту совершения противоправных действий лицо не может быть привлечено к двойной публично-правовой ответственности - к уголовной и административной.

**М.Р.Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Гъоркь Инхо росулъ субботник тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъ тIобитIана экологиялъулаб субботник. Росдал поселениялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовасул нухдал бетIер Ибрагьимовас киназего баркала загьир гьабуна.**

Гъоркь Инхо росулъ гIадатлъун лъугьун буго рацIцIалъи цIуниялъул мурадалда субботникал тIоритIи. ЧIахIияздаса нахъе ккечIого школлъималги хIалтIула гьеб пайдаяб тадбиралда. Щибаб нухалъ гIурул рагIаллъудаса, кIкIалабахъа ва цогидалги бакIаздаса кьищни-къул бакIариялдеги кьола кIвар.



**малъиялда гьенире рахъана чIахIиялги, школлъималги.**

Ахакье боцIи унареб хIалалъ сверун къарал бакIал щула гьаруна, росдал сверухълъиялдаса кьищни-къул бакIарана, боцIи сугбузде рачунел нухал къачIана. Гъоркь инхдерица гIемераб хIалтIи гьабуна 4 марталда тIобитIараб субботникалда ва росникал тIоритIи.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.